

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL

**Madi** 28 Janvyè 2014 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Posesyon oswa itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 “**Pri Petwòl Rive nan Nivo Rekò**”  
“**Tribi yo Ap Batay pou Kontwòl Resous Natirèl yo**”  
“**Gouvènman an Separe Machandiz yo an Rasyon Pandan Dire Lagè a**”

Tout gwo tit sa yo asosye avèk konsèp ekonomik

- (1) twòp pwodiksyon           (3) lespri antrepriz  
(2) entèdepandans           (4) rate

2 Ki nasyon ki sou yon penensil?

- (1) Brezil                           (3) Saudi Arabia  
(2) Filipin                       (4) Otrich

3 Indus, Ganges, ak Brahmaputra te enpòtan pou Lenn antik paske yo te

- (1) chèn montay wo ki te pwoteje Lenn kont envazyon  
(2) gran riviye yo ki t ap koule nan plèn nò fètèl Lenn  
(3) Dye aryen pè yo t ap lapriye pou lapli tonbe  
(4) dinasti ki t ap dirije yo epi ki te ini pèp Harappa ak Mohenjo-Daro

4 Kisa ki te youn nan kontribisyon site grèk Atèn yo ki te pi enpòtan?

- (1) devlopman demokrasi dirèk  
(2) difizyon yon sistèm kwayans monoteyis  
(3) pwomosyon egalite tout moun  
(4) kreyasyon yon sistèm ekriti ki itilize ekriti yewoglifik

5 Ki sistèm kwayans ki te baz pou egzamen sèvis sivil yo te bay pandan dinasti Han, Tang, ak Song?

- (1) legalis                       (3) Boudis  
(2) Dawoyis                   (4) Konfisyanis

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 6.



Sous: *Guide to the Essentials*, Prentice Hall (adapte)

6 Lanpi 9yèm syèk Charlemagne te kouvri teritwa ki ta gen ladan jodi a peyi

- (1) Polòy ak Lawisi  
(2) Espay ak Pòtigal  
(3) Lafrans ak Almay  
(4) Ilann ak Wayòm Ini

- 7 Ki deklarasyon konsènan Lajdò Islam ki se yon reyalize alapas yon opinyon?
- (1) Lamedsin islamik te pi avanse pase lamedsin chinwa.
  - (2) Pwezi ak literati te domèn etid ki te pi enpòtan pou Mizilman yo pase matematik.
  - (3) Mizilman yo te itilize konesans astwonomi pou satisfè obligasyon relijye yo.
  - (4) Filozofi islamik yo te depannde mèt filozòf grèk yo mwens pase mèt filozòf endyen yo.
- 8 Premye sivilizasyon Eslav ewopeyen lès yo nan Kieve te adopte relijyon òtodòks lès, alfabè sirilik, ak sèten estil boza ak achitekti akòz
- (1) lagè yo avèk Japon
  - (2) konkèt anvayisè mongòl yo te fè
  - (3) vizit nan peyi Ewòp-de-Lwès yo
  - (4) komès avèk Lanpi Bizanten
- 9 Lachin, Kore, ak Japon gen menm resanblans kiltirèl sitou akòz
- (1) konfli avèk enperyalis ris yo
  - (2) te pataje sistèm rivyè yo
  - (3) kontak nan aktivite komès
  - (4) inifikasyon anba dominasyon mongòl
- 10 Devlopman aktivite labank pandan Revolisyon Komèsyal la nan Ewòp-de-Lwès te enpòtan paske li
- (1) te bay resous kapital pou machann yo pou envestisman
  - (2) te pèmèt kiltivatè peyizan yo finanse konstwiksyon nouvo kay
  - (3) te pèmèt pwoletarya a defye boujwazi a
  - (4) te kreye pansyon pou travayè retirete yo
- 11 Anjeneral, nan ki direksyon Lapès Nwa te simaye pandan 14yèm syèk la?
- (1) depi Lewòp jiska Amerik yo
  - (2) depi Afrik jiska Sidès Azi
  - (3) depi Azi jiska Ewòp
  - (4) depi Amerik yo jiska Azi
- 12 Yon rezilta Refòm Pwotestan an se te
- (1) mwens pwoblèm pou otorite Legliz
  - (2) yon bèsnan inite relijye nan Ewòp-de-Lwès
  - (3) disolasyon lòd Jezwit la
  - (4) yon degradasyon Enkizisyon
- 13 Pou ki siksè yo pi byen konnen Suleiman the Magnificent?
- (1) konstwiksyon Dòm Woche a nan Jerizalèm
  - (2) difizyon Krisyanis nan Penensil Balkan
  - (3) konkèt kapital Lawisi, Moskou
  - (4) inifikasyon Lanpi Otoman anba yon estrikti gouvènman efikas
- Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 14.
- ... Nan ane 1930 yo, Sylvanus G. Morley ki nan Harvard, pètèt Mayanis yo te selebre pi plis nan epòk li, te adopte [diskite pou] sa ki toujou se teyori yo konnen pi plis: Maya yo te tonbe paske yo te depase kapasite transpò anviwònman yo. Yo te itilize tout baz resous yo, yo te kòmanse mouri grangou ak swaf, epi yo kite vil yo an mas, sa ki te kite yo kòm avètisman an silans pou danje pretansyon depase [twòp konfyans] pou ekoloji a...
- Charles C. Mann, 1491: *New Revelations of the Americas Before Columbus*
- 14 Dapre pasaj sa a, kisa ki te yon kesyon prensipal Morley t ap eseye reponn konsènan Maya yo nan ane 1930 yo?
- (1) Pou kisa Maya yo te abandone vil yo?
  - (2) Kisa ki te estrikti gouvènman Maya yo?
  - (3) Kijan kwayans relijye yo te afekte ekonomi Maya a?
  - (4) Ki site vwazen ki te konkeri Maya yo?
- 
- 15 Ki devlopman teknolojik ki te pèmèt navigatè ewopeyen yo detèmine pozisyon yo pandan Laj Eksplorasyon an?
- |                |             |
|----------------|-------------|
| (1) vwal laten | (3) abaltèt |
| (2) astwolab   | (4) karavèl |

16 Rankont lan te fèt kòm yon rezilta eksploratè ewopeyen yo ki te travèse

- (1) Oseyan Atlantik
- (2) Dezè Sahara
- (3) Montay And yo
- (4) Lanmè Meditèrane

17 Nan Amerik Panyòl kolonyal, ki sistèm Panyòl yo te devlope pou sipòte agrikilti plantasyon?

- (1) twòk
- (2) encomienda
- (3) domestik
- (4) asosyasyon

18 Kisa ki te pase nan Lawisi akòz aksyon Peter the Great te fè?

- (1) Lawisi te afebli akòz envazyon fransè yo.
- (2) Yo te adopte Katolisism kòm relijyon leta.
- (3) Yo te ranfòse Douma epi seyè yo te lib.
- (4) Lawisi te prete lide Oksidantal yo epi li te agrandi teritwa li yo.

19 Kisa tit ki pi byen konplete pwofil pasyèl sou istwa britanik ki endike anba la a?

I. \_\_\_\_\_

- A. Gran Chat
- B. Revolisyon Glorye
- C. Deklarasyon Dwa Moun

- (1) Monte Absolutis
- (2) Kòmansman Sosyalis
- (3) Defi Pouwa Lepad
- (4) Evolisyon Demokrasi Palmantè

20 Pou kisa yo konsidere Syèk Limyè kòm yon pwen enpòtan nan istwa lemonn?

- (1) Yo te itilize sistèm faktori pou pwodui machandiz an mas.
- (2) Martin Luther te kite Legliz Katolik Women.
- (3) Ewopeyen yo te chanje panse yo konsènan wòl gouvènman an.
- (4) Te gen echanj kolonbyen.

21 Yon fason Robespierre ak Louis XVI Lafrans sanble sèke toulède

- (1) te pèdi pouvwa a pandan Revolisyon Fransè a
- (2) te adopte lide Kongrè Vyèn nan
- (3) te aplike politik tolerans relijye
- (4) te diminye kontwòl gouvènman an sou ekonomi an

22 Yon fason Toussaint L'Ouverture, Simón Bolívar ak José de San Martín sanble sèke yo tout te

- (1) sipòtè politik mèkantil la
- (2) dirijan mouvman endepandans yo
- (3) pase nan eleksyon demokratik kòm dirijan
- (4) refòmateur mendèv endistriyèl la

23 Ki patikilarite jewografik ki te Angletè pi plis pandan Revolisyon Endistriyèl la?

- (1) klima dezè
- (2) pò natirèl yo
- (3) teren montay
- (4) van mouson yo

24 Grangou an mas nan peyi Ilann nan ane 1840 yo te mennen dirèkteman nan

- (1) fòmasyon komin yo
- (2) bay endepandans
- (3) migrasyon moun peyi etranje
- (4) itilizasyon angrè petwo-chimik


25 Yon rezon prensipal ki fè peyi ewopeyen yo te angaje nan enperyalis la nan fen 19yèm syèk la se te pou

- (1) vin gen yon pi bon konpreyansyon teritwa enkonni yo
- (2) fasilite tansyon avèk rival yo
- (3) devlope tretman pou maladi
- (4) jwenn mache pou machandiz yo fè yo

26 Yon fason Lanperè Meiji peyi Japon ak Lanperè Kemal Atatürk peyi Latiki sanble sèke yo toulède

- (1) te krazè mouvman sesesyonis yo
- (2) te travay pou modènize nasyon yo
- (3) te konkeri teritwa vwazen lès yo
- (4) te pwoteste kont sanksyon ekonomik yo

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27.



Sous: Poster by E. Kealy in Susan R. Grayzel, *Women and the First World War*, Pearson Education

27 Afich Premye Gè Mondyal se yon egzanj

- (1) divèsite
- (2) kontestasyon
- (3) tolerans
- (4) pwopagann

28 Ki devlopman ki te genyen nan Almay kòm yon rezilta kondisyon Trete Vèsay la te enpoze?

- (1) Okipasyon sovyetik
- (2) enstabilite politik
- (3) agrandisman teritwa peyi etranje
- (4) pwosperite ekonomik

29 Objektif orijinal Panafrikanis lan se te pou

- (1) mande refòm demokratik
- (2) ankouraje rivalite etnik
- (3) ankouraje yon Afrik ini
- (4) divize Afrik an peyi ki separe

30 Kreyasyon peyi endepandan Tchekoslovaki, Hongri ak Yougoslavi se te rezilta

- (1) Lagè Fransè-Prisyen
- (2) Konferans Bèlen
- (3) Premye Gè Mondyal
- (4) Pak Minik

31 Ki objektif ki te pi enpòtan pou mouvman nasyonalis endyen an?

- (1) endepandans anba dominasyon britanik
- (2) kreyasyon yon ekonomi lese-fè
- (3) fòmasyon yon lete totalitè
- (4) agrandisman teritwa

32 Ki faktè jewografik ki te pi enpòtan nan ede Inyon Sovyetik reziste kont atak alman yo nan Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) Montay Ural yo te sèvi kòm yon baryè pou fòs lame alman yo ki t ap avanse.
- (2) Distans ak sezon livè difisil te boulvèse liy alimantasyon alman yo.
- (3) Zòn ki te pwodui anpil manje te kenbe fòs lame sovyetik yo byen nourri.
- (4) Plizyè pò sou Lanmè Aktik la te fasilite ravitayman bato transpò sovyetik yo.

33 Ki rejyon jewografik ki gen pi gwo kantite manm nan Òganizasyon Peyi ki Ekspòte Petwòl (OPEC)?

- (1) Amerik-di-Sid
- (2) Afrik sib-saharyen
- (3) Sidès Azi
- (4) Mwayennoryan


34 Politik ekonomik Mikhail Gorbachev nan Inyon Sovyetik ak Deng Xiaoping nan Lachin te gen ladan

- (1) eleman kapitalis
- (2) bòykòt sou pwodui peyi etranje
- (3) politik yon sèl timoun
- (4) yon depandans sou otonomi agrikòl

35 Ki rezon prensipal ki fè refijye yo te kite Wanda nan ane 1990 yo?

- (1) konfli etnik
- (2) agrandisman Sahel
- (3) dega nan yon tranblemanntè
- (4) tansyon Gèfwad

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 36.



Sous: Roger B. Beck et al., *World History: Patterns of Interaction*, McDougal Littell, 2005 (adapte)

36 Ki konsèp yo montre nan dyagram ane 2005 sa a?

- (1) resesyon
- (2) ibanizasyon
- (3) sosyalis
- (4) globalizasyon

37 Ki yon fason konfli ant Lenn ak Pakistan sou Kashmir ak konfli ant Palestinyen ak Izrayelyen yo sanble nan Mwayennoryan?


- (1) Toulède konfli yo konsène pwoblèm teritwa ak pwoblèm relijyon.
- (2) Nasyonzini te lakòz ostilite andedan rejyon sa yo.
- (3) Toulède konfli yo te parèt kòm yon rezilta separasyon Inyon Sovyetik.
- (4) Efò pou rete non-aliyen te lakòz tansyon nan rejyon sa yo.

38 Kreyasyon Inyon Ewopeyen (EU) ak Akò Amerik-di-Nò pou Echanj Lib (NAFTA) se te efò pou

- (1) jwenn avantaj ekonomik avèk òganizasyon rejyonal la
- (2) reyalize lapè nan lemonn avèk alyans militè yo
- (3) redui bès resous avèk planifikasyon ekonomik
- (4) rezoud pwoblèm anviwònman avèk rechèche kowòdone

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 39.

**Kantite Estime Adilt ak Timoun k ap Viv avèk VIH/SIDA apati ane 2010**



Sous: UNAIDS World AIDS Day Report 2011 (adapte)

39 Done ki nan kat jewografik sa a sijere VIH/SIDA

- (1) te sòti nan Sid ak Sidès Azi
- (2) ap bese nan peyi k ap devlope yo
- (3) egzije koperasyon rejyonal pou rezoud pwoblèm nan
- (4) te gen restriksyon nan klima tanpere yo

40 Depi ane 1999, kisa ki te wòl prensipal Òganizasyon Trete Atlantik Nò (NATO) nan zafè lemond?

- (1) fè pwosè krim lagè yo
- (2) pwoteje Ewòp-de-Lwès kont agresyon sovyetik
- (3) bese dwa ladwàn yo ant nasyon manm yo
- (4) fè travay jesyon kriz ak ranfòsman lapè

41 Ki dènnye pwoblèm mondyal ki te kòmanse avèk devlopman bonm atomik?

- (1) menas pou lapè nan lemond nan pwoliferasyon nikleyè ki pa gen restriksyon
- (2) ogmantasyon risk pou sante pou moun ak zannimo nan polisyon endistriyèl
- (3) gaz kabonik ki wo nan atmosfè a akòz debwazman forè twopikal imid yo
- (4) chanjman nan modèl tan ak abita espès yo akòz kouch glas polè yo k ap fonn

42 Revolisyon Neyolitik la te pi asosye sitou avèk

- (1) itilizasyon travay timoun nan faktori yo
- (2) domestike plant ak zannimo yo
- (3) aprann kontwole dife
- (4) devlopman teknoloji fè

43 Ki sekans ki mete lwa sa yo nan lòd kwonolojik kòrèk la?

- (1) Kòd Hammurabi → Kòd Jistinyen → Kòd Napoleyon → Douz Tab yo
- (2) Kòd Jistinyen → Douz Tab yo → Kòd Napoleyon → Kòd Hammurabi
- (3) Kòd Hammurabi → Douz Tab yo → Kòd Jistinyen → Kòd Napoleyon
- (4) Douz Tab yo → Kòd Napoleyon → Kòd Hammurabi → Kòd Jistinyen

44 Ki filozofi yo te devlope pandan Renesans lan ki asosye avèk yon apwòch ki depaman avèk sijè relijye pou sijè ki pi pwofan?

- (1) limanis (3) kominis  
(2) absolutis (4) eskolastik

Sèvi ak deklarasyon ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 45.

... Answit, mwen konkli, si mwen retounen nan laperèz ak lanmou, paske gason renmen jan li bon pou yo ak jan li bon pou prens lan, yon prens ki saj ta dwe jwenn tèt li nan li ye a, pa nan sa yon lòt moun ye; li ta dwe sèlman òganize pou evite lahèn, jan sa te di.

45 Deklarasyon sa a sòti nan travay ekri

- (1) John Locke (3) Adam Smith  
(2) Niccolò Machiavelli (4) Ignatius Loyola

46 Yon resanblans nan dominasyon Akbar the Great ak dominasyon Elizabeth I sèke toulède dirijan yo te aplike politik ki te ankouraje

- (1) edikasyon obligatwa  
(2) dezameman militè  
(3) patisipasyon elektè  
(4) tolerans relijye

47 Yon fason sistèm kas la nan Lenn tradisyonèl ak nan sistèm Eta Lafrans anvan revolisyon an sanble sèke

- (1) okipasyon yo te fèt selon merit  
(2) mouvman sosyal te limite anpil  
(3) yo te detèmine estati selon edikasyon  
(4) konsekans sou lavi moun chak jou te piti anpil

- 48 • Lagè Opyòm (1839–1842)  
• Rebelyon Taying (1850–1864)  
• Rebelyon Boksè (1898–1901)

Seri evènman sa a pi asosye sitou avèk

- (1) devlopman kominis nan Lachin ak Kore  
(2) anpil enkyetid sou enfliyans Lwès nan Lachin  
(3) alyans ki fòme ant Vyetnam ak Lachin  
(4) plis ogmantasyon dwa sivil ak politik nan Lachin

49 Grangou fòse nan Ikrèn (1932–1933) se te yon rezilta dirèk

- (1) Patisipasyon Za Nicholas nan Premye Gè Mondyal la  
(2) Nouvo Politik Ekonomik Vladmir Lenin  
(3) Adaptasyon kolektif Joseph Stalin  
(4) Destitasyon Nikita Khrushchev sou pouvwa a

50 “Rivyè Chagren Inonde Ankò”

“Anpil Milye Moun Disparèt Apre Huang He Debòde”  
“Yo Rapòte Plis Pase 10 Milyon Pa Gen Kay Apre Inondasyon Ane 1931”

Gwo tit jounal sa yo dekri efè jewografi sou pèp

- (1) Lachin (3) Lenn  
(2) Japon (4) Vyetnam



**Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.**

**Nan devlopman repons pou Pati II a, sonje pou asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## **Pati II**

### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Dwa Moun—Lajistis**

Nan diferan epòk yo nan listwa, moun yo te defann dwa moun avèk plizyè kalite metòd. Efò sa yo te rankontre avèk plizyè kalite degre siksè.

#### **Sa pou fè:**

Chwazi **de (2)** moun epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te pèmèt moun nan defann dwa moun
- Dekri yon metòd moun nan te itilize pou defann dwa moun
- Diskite sou limite efò moun nan te gen siksè

Ou ka itilize nenpòt moun nan etid istwa ak jewografi jeneral ou. Kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere se Bartolomé de las Casas, John Locke, Mary Wollstonecraft, Father Miguel Hidalgo, Emiliano Zapata, Mohandas Gandhi, Father Oscar Romero, Lech Walesa, Nelson Mandela, Aung San Suu Kyi, ak Dalai Lama.

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

**Pa chwazi yon moun nan Etazini.**

#### **Gid:**

##### **Nan redaksyon ou asire ou**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

**Paj sa a rete vid toutespre.**

**ALE NAN PWOCHEN LAJ LA ⇨**

## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

## Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, moun yo te chanje anviwònman yo pou satisfè bezwen yo. Chanjman sa yo te gen efè pozitif ak efè negatif sou moun yo, sosyete yo ak rejyon yo. Kèk egzanp ladan yo se *devlopman irigasyon nan Ejipt antik, konstwiksyon chinanpa Aztèk yo te fè, ak eksplwatasyon min chabon nan Grannbretay pandan Revolisyon Endistriyèl la.*

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** chanjman moun yo te fè nan anviwònman yo ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Eksplike pou kisa chanjman sa a te nesèsè nan anviwònman yo
- Diskite sou fason chanjman sa a te afekte moun yo, yon sosyete, ak/oswa yon rejyon

Nan devlopman repons ou yo, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- eksplike** vle di “pou fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

Premye efò ki te gen siksè pou kontwole ekoulman dlo a te fèt nan Mezopotami ak Ejip, kote rès travay irigasyon pre-istorik yo toujou egziste. Nan Ejip antik, konstwiksyon kannal yo se te yon gwo efò farawon yo ak sèvitè yo, apati epòk Eskòpyon. Youn nan premye responsablite gouvènè pwovens yo se te fouye epi repare kannal yo, ki te sèvi pou wouze gwo etandi tè pandan Nil t ap koule nan nivo wo. Tè a te gen anpil ti basen, ki defini dapre yon sistèm dig. Yo te rekonèt pwoblèm konsènan ensètitud ekoulman Nil. Pandan ekoulman nivo ki wo anpil yo, dig yo te lave epi vilaj yo te inonde, pou neye anpil milye moun. Pandan ekoulman nivo ba yo, teren an pa t resevwa dlo, epi danre yo pa t kapab grandi Nan anpil kote ki gen chan ki te twò wo pou resevwa dlo ki sòti nan kannal yo, yo te rale dlo nan kannal yo oswa nan Nil la dirèkteman avèk yon levye oswa yon chadouf. Bagay sa yo te gen ladan yon bokit nan pwent yon kòd ki te pann nan pwent long yon bòd k ap vire toutotou, ki te bay kont-pwa nan pwent kout la Konstwiksyon kannal yo te kontinye nan Ejip pandan tout syèk yo. . . .

Sous: Larry W. Mays, "Irrigation Systems, Ancient," *Water Encyclopedia* online (adapte)

1. Dapre dokiman sa a, endike **de (2)** pwoblèm Ejipsyen antik yo te genyen akòz ekoulman Nil ki pa t sèten. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 2a



Dekorasyon friz oswa achitektiral, sou yon tanp antik prezante Ejipsyen yo k ap itilize chadouf, aparèy ki te pèmèt yo transfere dlo ki sòti nan Nil pou mennen li nan chan yo.

Sous: James Barter, *The Nile*, Lucent Books

## Dokiman 2b

Aprè lanmò Alexander the Great, yon seri twa (3) farawon te lonmen Ptolemy ki te dirije Ejip. Kilti Ejip pandan peryòd sa a te sitou grèk.

... Nan peryòd tolemayik la, dosye tanp grèk yo te prezante chak rejyon kòm yon inite ekonomik, epi yo te refere non kannal ki wouze rejyon an, rejyon yo kiltive ki nan espas rivyè a epi ki wouze dirèkteman avèk dlo a, epi tè ki nan limit rejyon an yo te kapab reklame. Sistèm irigasyon ti kare tè te fasilite lakilti yon danre sezon prentan; menmsi nan sezon lete, sèlman tè yo te kapab plante se te tè wo ki te lwen nan inondasyon yo. Poutèt sa, lè Ejipsyen yo te envante zouti pou monte dlo a, tankou chadouf la, yo te kapab fè lakilti de (2) danre, yo te konsidere kòm yon gwo pwogrè nan domèn irigasyon. Yo te envante chadouf la nan peryòd Amana epi li se yon zouti senp ki bezwen de (2) a kat (4) gason pou opere li. Chadouf la gen ladan yon poto long ki sispann epi ki peze nan yon pwent ak yon bokit ki mare nan lòt pwent lan. Li kapab leve apeprè 100 mètr kib (100,000 lit) nan 12 èdtan, ki ase pou wouze enpe plis pase yon tyè nan yon ak tè...

Sous: Agriculture – Part I, Ancient Egypt History, EgyptHistory.com

2 Dapre dokiman sa yo, kisa ki te **yon** efè envansyon chadouf te gen sou Ejipsyen yo? [1]

Score

### Dokiman 3

... Lwa sou dlo Ejjip antik te konsène sitou pou asire chak kiltivatè ki toutolon rivyè a te gen aksè san patipri nan dlo yo pandan inondasyon yo epi pou okenn kiltivatè pa t jwenn refi pou pataj dlo irigasyon san an san patipri. Pa egzanp, si yon kiltivatè te fè lakilti sou yon distans anpil mil avèk rivyè a, moun ki posede tè ki toupre rivyè a te dwe kite kiltivatè a gen aksè nan yon kannal dlo k ap koule nan tè yo.

Lwa sou dlo a te entèdi kiltivatè ki pa kontribiye nan travay pou plen kannal la avèk dlo pran dlo nan kannal yo tou. Kantite dlo yon moun te gen dwa pou pran nan yon kannal te depannde kantite tan moun nan te pase ap plen kannal la. Pa egzanp, si dis (10) kiltivatè te bay yon kontribisyon dis (10) èdtan travay pou plen kannal irigasyon yo avèk dlo, epi si nenpòt ladan yo te pran plis pase inèdtan travay dlo a, yo te kapab kondane li pou mouri....

Sous: James Barter, *The Nile*, Lucent Books

3 Dapre James Barter, nan ki fason gouvènman an te asire kiltivatè yo te gen aksè nan dlo san patipri? [1]

---


---

Score

### Metòd Agrikilti Aztèk

## Chinanpa yo

Sa yo te se vrè jaden k ap flote ki te fè li posib pou kreye zòn pou lakilti nan pati ki pa t twò fon nan lak yo.



Sous: [www.icarito.cl](http://www.icarito.cl) (adapte)

4 Dapre enfòmasyon dyagram sa a bay, pou kisa Aztèk yo te bati chinanpa yo? [1]

Score

## Dokiman 5

... Chinanpa yo te ajoute espas pou viv ak espas agrikòl nan zile a. Yo te kapab bati kay sou chinanpa yo apre yo te mete anplas yon fason solid, epi yo te itilize pasèl tè yo pou plante yon bon varyete pwodui, depi nan mayi ak pwa pou rive nan tomat ak flè. Mexica [Aztèk] yo te bati chinanpa tout kote nan Tenochtitlan, menm jan ak vwazen yo te fè sa nan lak dlo fre nan sid la. Men, yo te souvan anfas danje inondasyon, ki te pote dlo sale nan chinanpa yo epi ki te detwi tè ak danre yo. Lak Texcoco te akimile mineral ki te sòti nan dlo rivyè a ki t ap koule ladan, sa ki te lakòz dlo a vin somat [melanj dlo fre ak dlo sale]. Nan mitan 15yèm syèk la, pwoblèm sa a te rezoud; yo te bati yon dig, pou separe seksyon lwès lak la kote Tenochtitlan te ye epi pou pwoteje vil la kont dlo sale ak kèk inondasyon...

Sous: Frances F. Berdan, *The Aztecs*, Chelsea House Publishers

5a Dapre Frances F. Berdan, kisa ki te **yon** fason chinanpa yo te nan avantaj Aztèk yo? [1]

Score

b Dapre Frances F. Berdan, kisa ki te **yon** pwoblèm kiltivatè yo te genyen sou chinanpa yo? [1]

Score



## Dokiman 6

... Vil kapital la, ki te ka gen yon popilasyon apeprè 200,000 a 300,000 abitan nan kòmansman sèzyèm syèk la, se te yon bon jan egzanp kwasans planifye. Lè Aztèk yo te konstwi nan lak la, yo te gwoupe epi agrandi de (2) zile orijinal yo ki te konekte poutèt sa avèk teritwa kontinantal avèk twa (3) gwo chose. Yo te mennen dlo fre teritwa kontinantal la nan vil la avèk akedik...

Sous: Jeremy A. Sabloff, *The Cities of Ancient Mexico: Reconstructing a Lost World*, Thames and Hudson

6 Dapre Jeremy A. Sabloff, kisa ki te **yon** fason konstwiksyon nan lak la te nan avantaj Lanpi Aztèk la ak vil kapital Tenochtitlán li? [1]

---

---

Score

## Dokiman 7a

... Bwa ki pa t ase te lakòz pwoblèm grav. Bwa se te konbistib prensipal ki sèvi pou kwit manje. Li te enpòtan pou konstwiksyon bato, epi chabon te nesèsè pou fonn [trete] minrè fè. Yon nouvo sous enèji te nesèsè annijans. Yo te bay enèji sa a avèk chabon.

Chabon te deja ranplase bwa pou kwit manje ak pou chofaj nan nenpòt kote yo te kapab rive sou lanmè oswa sou rivyè ki navigab. Yo te enpòte fè, menmsi te gen anpil minrè fè nan Grannbretay. Chabon te pi difisil pou devlope pase min, paske venn chabon ki toupre sifas la te fini, epi venn chabon ki te pi fon yo te bezwen ponp pou rale yo [dlo nan min yo]...

Sous: Diana Knox, *The Industrial Revolution*, Greenhaven Press

7a Dapre Diana Knox, pou kisa chabon te nesèsè? [1]

Score

## Dokiman 7b

... Toudabò, yo te fouye chabon a nan min ki te louvri yo, men ofi-amezi min yo te dwe ale pi fon. Yo te desann nan pui, epi yo te fouye galri yo [chanm anba tè yo] antravè nan venn chabon yo. Lè pui yo te ale pi ba, yo te kòmanse plen avèk dlo. Kèk travayè min te dwe travay tout lajounen avèk janm yo nan dlo a. Yo te kapab rale dlo a jouk lè yo te vini avèk ponp nan pui yo nan kòmansman ane 1700 yo....

Sous: Andrew Langley, *The Industrial Revolution*, Viking

7b Dapre Andrew Langley, kisa ki te **yon** fason moun yo te fè modifikasyon nan anviwònman an pou yo te jwenn chabon? [1]

Score

## Dokiman 8

Anvan itilizasyon chabon, dlo te sous prensipal enèji pou faktori yo ak machin yo nan Grannbretay. Sous dlo ki te kapab alimante faktori sa yo te limite. Poutèt sa, endistri sa yo pa t kapab devlope epi faktori yo te souvan fonksyone lwen.

... Avèk chanjman nan chabon an, modèl la te ranvèse, pou montre diferans nan sous enèji a. Chabon an te miltipliye [te kreye] faktori ki te pi gran epi pi mekanize paske enèji ki disponib anba tè a te pi plis pase sa yon pui dlo te bay. Epi, paske enèji li te deja byen kondanse depi anpil milyon ane, chabon an te konsantre faktori yo ak fòs travay la nan zòn lavil yo olye li te epapiye yo toupatou nan andeyò a. Pou rezime, chabon te fasilite endistriyalizasyon Grannbretay pou vin gen yon elan ki te senpleman revolisyonè....

Sous: Barbara Freese, *Coal: A Human History*, Perseus Publishing

8 Dapre Barbara Freese, kisa ki te **yon** efè chanjman ant enèji dlo ak itilizasyon chabon kòm sous enèji te gen sou Grannbretay? [1]

---

---

Score

## Dokiman 9

### Yon Katastwòf Min Rainton nan Durham, Grannbretay nan dat 18 desanm 1817

Yon eksplozyon te detwi lavi vennsèt (27) moun, onz (11) gason ak sèz (16) ti gason. Eksplozyon an te fèt anvan tout gason yo te desann [nan min nan]. Si li te fèt pita, te ka gen 160 gason ak ti gason nan pui a. Premye rapò kantite total lavi moun ki te pèdi te totalize vennsèt (27) epi moun yo se te sitou ti gason. Eksplozyon an te fè a 3 zè nan maten, anvan pikè yo [gason ki koupe chabon nan venn chabon an] te desann nan pui a epi nan sikonstans sa a apeprè 160 lavi moun te sove. Yo te fè tout efò pou bay èd pou moun ki te nan min nan ak de (2) gason ki te tonbe epi ki te sifoke akòz eta enpi lè a. Obsèvatè yo ak ajan yo te aktif anpil epi yo te prèske jwenn menm konsekans lan. Yo te toujou konsidere pui kote aksidan an te fèt la kòm yon kote ki pa t ap gen matyè eksplozif, epi akòz sekirite sipoze sa a, yo pa t janm mete lanp pwoteksyon ladan kote travayè min yo te kontinye travay avèk limyè bouji.

Sous: The Coalmining History Resource Centre online, UK

9 Dapre dokiman sa a, kisa ki te **de (2)** danje travayè yo te jwenn nan min chabon Rainton? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, moun yo te chanje anviwònman yo pou satisfè bezwen yo. Chanjman sa yo te gen efè pozitif ak efè negatif sou moun yo, sosyete yo ak rejyon yo. Kèk egzanp ladan yo se *devlopman irigasyon nan Ejipt antik, konstwiksyon chinanpa Aztèk yo te fè, ak eksplwatasyon min chabon nan Grannbretay pandan Revolisyon Endistriyèl la.*

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi *de (2)* chanjman moun yo te fè nan anviwònman yo ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Eksplike pou kisa chanjman sa a te nesèsè nan anviwònman yo
- Diskite sou fason chanjman sa a te afekte moun yo, yon sosyete, ak/oswa yon rejyon

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan





